

CORNERSTONE
CHRISTIAN UNIVERSITY

Tradiktoloji kreyòl ayisyen an kòm lang sib :

Étid sou fondman teyòrik travay tradiktè yo pou yon didaktik tradiksyon kreyòl

ayisyen an, soti 2015 rive 2025

Reyalizasyon

Job Silvert

Novanm 2025

CORNERSTONE
CHRISTIAN UNIVERSITY

Tradiktoloji kreyòl ayisyen an kòm lang sib:

Ètid sou fondman teyorik travay tradiktè yo pou yon didaktik tradiksyon kreyòl
ayisyen an, soti 2015 rive 2025

Tèz sa a reprezante yon pati nan egzijans
pou jwenn grad Doktè nan tradiktoloji

Reyalizasyon

Job Silvert

Novanm 2025

Manm Jiri yo

Doktè Saint Yves Roméus: Prezidan

Dat : 30 novanm 2025

Doktè Wilguenson Madigand: Direktè

Dat : 30 novanm 2025

Doktè Tardieu Ridore: Ko-direktè

Dat : 30 novanm 2025

Doktè Moles Paul: Egzaminatè

Dat : 30 novanm 2025

Doktè Marie Yanith Germain Charles : Rapòtè

Dat : 30 novanm 2025

Doktè Jean Claude Désir : Lektè Kritik

Dat : 30 novanm 2025

Prefas

Travay rechèch sa a rantre nan kad demach akademik mwen kòm kandida pou diplòm doktora nan tradiktoloji. Li se rezilta plizyè ane refleksyon sou nesosite pou konstui yon baz teyorik ak metodolojik ki solid pou pratik tradiksyon kreyòl ayisyen an. Menm lè lang kreyòl ayisyen an gen estati ofisyèl, li rete sou kote nan anpil domèn syantifik ak pedagogik.

Tradiksyon, kòm pratik nan lang kreyòl ayisyen an ki egziste depi plis pase yon syèk nan peyi d Ayiti, souvan fèt san referans klè sou plan teyorik, san metodoloji ki adapte ak lang kreyòl ayisyen an. Kidonk, mennen yon rechèch sou prensip, defi, teknik ak kritè ki soutni pratik tradiksyon an kreyòl ayisyen an parèt nesèsè pou devlopman yon didaktik tradiksyon ki koresponn ak reyalyte lang lan ak bezwen kominote kreyolofòn nan.

Travay sa a se repons pou yon mank reyèl nan literati tradiktolojik sou lang kreyòl ayisyen an, epi li vize louvri chemen pou plis rechèch sistematik nan chan sa a. Se yon efò pou bay lang ayisyen an plas li nan domèn pwodiksyon syantifik, epi pou mete plis estrikti nan fòmasyon tradiktè k ap sèvi ak lang sa a kòm lang sib.

Mwen swete kontribisyon sa a pral itil pou lòt chèchè, pwofesè ak tradiktè, epi l ap sèvi kòm baz pou bati yon refleksyon pwofon sou tradiksyon an kreyòl ayisyen, sou plan teyorik, didaktik ak pwofesyonèl.

Pou fini, mwen remèsye tout moun ki kontribye pou reyalizasyon travay rechèch sa a.

Remèsiman

Anvan tout bagay, mwen koube m byen ba devan **Kreyatè a**, sous tout konesans ak entelijans lan, ki ban mwen kouraj, bon konprann ak motivasyon pou m reyalize tèt sa a.

Mwen remèsye **Doktè Wilguenson Madigand, Direktè mwen ak Doktè Tardieu Ridore, Kodirektè mwen** yon fason espesyal pou fason yo gide mwen nan metodoloji ak tan yo pran pou revize tout tèt la. Mèsi pou kòmantè, ankourajman, konsèy yo ak rigè entèlektyèl yo ki te gide mwen pandan tout chemen sa a.

Anplis, mwen vle esprime rekonesans mwen anvè **Doktè Moles Paul, Ankadran lengwistik** mwen ki te asepte reli tout travay la pou souliye iregilarite lengwistik epi fè mwen rekòmandasyon sou kalite lang ak tout lòt rekòmandasyon pou yon bon kalite travay.

Se te yon privilèj pou mwen jwenn konfyans nou ak ankadreman nou. Chapo ba!

Mwen remèsye, yon fason espesyal, tout manm komite revizyon tèt la : **Doktè Romelus Saint Yves, Doktè Jean Claude Desir, Doktè Tardieu Rodore, Doktè Moles Paul ak Doktè Wilguenson Madigand**. San nou mwen pa t ap abouti ak kalite travay sa a.

Mèsi tout moun ak enstitisyon ki kontribye, yon fason oswa yon lòt, nan reyalizasyon travay rechèch sa a.

Mwen voye yon gwo kout chapo pou Lengwis **Jean Guilbert Belus** ki asepte reli tout tèt la anvan publikasyon li. Remak ou yo pote yon gwo kontribisyon nan kalite tèks la.

Mwen p ap ka bliye remèsye Lengwis-Tèminològ **Robert Berrouët-Oriol** pou enterè li pou tradiktoloji kreyòl ayisyen an, ankourajman li ak fason li kontribye pou publikasyon tèt la. Chapo ba!

Mèsi fanmi mwen : **Lagloire Silvert ak Jusleine Jean Silvert** ki se papa m ak manman mwen. Frè m ak sè m yo : **Evens, Evinson Jesumène, Carline, Havila,**

Mikerlande, Jesula ak Judeline. Mèsi pou kontribisyon nou nan moun m devni jodi a.

Astrude Guillaume, madanm mwen, ki sipòte mwen moralman, emosyonèlman, e pafwa materyèlman pandan tout peryòd etid sa a. Sipò yo te yon sous fòs, kouraj ak motivasyon chak fwa defi yo parèt.

Mèsi **Délanau Alfred,** zanmi mwen, pou ankourajman ak fason ou kontribye nan reyisit tèz la. Mwen rekonesan.

Finalman, remèsiman espesyal pou tout moun ki kwè nan enpòtans lang kreyòl ayisyen an kòm lang syantifik, lang refleksyon ak lang lavni. Travay sa a se yon dedikas pou tout moun k ap kontinye lite pou lang sa a jwenn plas li merite nan monn konesans lan.

Rezime

Menm lè tradiksyon ap pratike depi plis pase san lane nan lang kreyòl ayisyen an, sa pa anpeche genyen yon gwo vid teyorik ak didaktik pou pratik tradiksyon nan lang sa a. Se yon domèn, menm lè gen anpil gwo chantye ki reyalize ladan l, ki prezante gwo vid syantifik, metodolojik ak pedagojik. Tradiksyon nan lang kreyòl ayisyen an souvan fèt san referans klè nan nivo prensip, teknik ak evalyasyon, e sa afekte negativman pwofesyonalizasyon ak devlopman tradiksyon an kreyòl ayisyen kòm disiplin. Se nan optik sa a nou anvizaje jwenn repons pou sa ki defini didaktik tradiksyon kreyòl ayisyen an. Se yon travay k ap fasilite nou egzamine lòt aspè tankou prensip tradiktè yo, defi yo rankontre, fason yo abòde tèminoloji ak kritè yo itilize pou evalye tradiksyon nan lang kreyòl ayisyen an. Nou rete kwè yon rechèch kon sa va louvri chemen pou bati yon fondasyon solid pou didaktik tradiksyon kreyòl ayisyen an, yon zouti teyorik pou edikatè, tradiktè ak enstitisyon ki swete evolye nan tradiksyon sou yon baz syantifik.

Résumé

Bien que la traduction vers le créole haïtien soit pratiquée depuis plus d'un siècle, elle demeure dépourvue d'un cadre théorique et didactique structuré. Si certaines avancées ont été réalisées, des lacunes importantes subsistent sur les plans scientifique, méthodologique et pédagogique. Les traductions sont souvent réalisées sans recours à des principes clairs, ni à des critères d'évaluation rigoureux, ce qui affecte négativement leur professionnalisation. Cette recherche vise à cerner les fondements de la didactique de la traduction vers le créole haïtien, en analysant les approches, les défis et les pratiques des traducteurs. Elle s'appuie sur des données empiriques recueillies auprès d'acteurs de terrain afin d'identifier les principes, méthodes et techniques permettant de soutenir l'enseignement et la pratique de la traduction en créole haïtien. Une telle démarche pourrait fournir un outil de référence aux traducteurs, aux formateurs et aux institutions œuvrant dans ce domaine, et contribuer à l'ancrage scientifique de la discipline.

Abstract

Despite having been practised for over one hundred years, there continues to be a lack of a comprehensive theoretical and didactic framework to guide and support the development of translation into Haitian Creole. While important initiatives and achievements have emerged, the field is still characterised by significant scientific, methodological and pedagogical shortcomings. Translations are often carried out inconsistently, without reference to established principles, techniques or evaluation criteria, which impedes the professionalisation of the discipline. This study aims to define the didactic principles of translating into Haitian Creole by examining the fundamental principles, challenges, terminological strategies and evaluation methods used by translators. Based on empirical data, the study aims to identify the core methods and approaches currently in use. Ultimately, the study aspires to provide a structured theoretical foundation to inform and support the work of educators, practitioners and institutions involved in scholarly translation.

Tablo kontni ak referans yo

<u>Manm Jiri yo</u>	i
<u>Prefas</u>	ii
<u>Rezime</u>	v
<u>Résumé</u>	vi
<u>Abstract</u>	vii
<u>Tablo kontni ak referans yo</u>	viii
<u>Lis figi ak tablo</u>	xvii
<u>Lis abrevyasyon ak sig</u>	xviii
<u>Glosè</u>	xix
<u>Entwodiksyon</u>	26
<u>Chapit I : Pwoblematik</u>	32
<u>1. Kesyon rechèch yo</u>	32
<u>1.1. Kesyon prensipal la</u>	36
<u>1.2. Kesyon segondè yo</u>	36
<u>2. Objektif ki mache ak kesyon rechèch yo</u>	36
<u>2.1. Objektif prensipal la</u>	36
<u>2.2. Objektif segondè yo</u>	36
<u>3. Definisyon tèm kle yo</u>	36
<u>4. Jistifikasyon</u>	37
<u>5. Delimitasyon rechèch la</u>	38
<u>Chapit II : Revizyon literati</u>	Error! Bookmark not defined.
<u>1. Kad teyorik</u>	Error! Bookmark not defined.
<u>1.1. Teyori lengwistik ak sosyolengwistik</u>	Error! Bookmark not defined.

- 1.1.1. [Jean-Paul Vinay ak Jean Darbelnet \(1958\). Teyori konparatif. Stylistique comparée du français et de l'anglais : Méthode de traduction.](#) **Error! Bookmark not defined.**
- 1.1.1.1. [Inite tradiksyon: ki sa? Pou ki sa?](#) **Error! Bookmark not defined.**
- 1.1.1.2. [Pwosede teknik tradiksyon yo](#) **Error! Bookmark not defined.**
- 1.1.2. [Mounin, Georges. \(1963\). Les problèmes théoriques de la traduction.....](#) **Error! Bookmark not defined.**
- Bookmark not defined.**
- 1.1.3. [Tradiktoloji lengwistik kominikasyonèl.....](#) **Error! Bookmark not defined.**
- 1.1.4. [Pergnier, M. \(2017\). Teyori sosyolengwistik. Les fondements sociolinguistiques de la traduction. Pp. 393–400](#) **Error! Bookmark not defined.**
- 1.2. [Teyori kominikatif ak èmenetik](#) **Error! Bookmark not defined.**
- 1.2.1. [Danica, Seleskovitch & Marianne, Lederer. \(1984\). Teyori entèpretatif. Interpréter pour traduire.....](#) **Error! Bookmark not defined.**
- 1.2.2. [Larose, Robert. \(1989\). Tradiktoloji lengwistik tekstyèl. Théories contemporaines de la traduction. Pp. 70-73](#) **Error! Bookmark not defined.**
- 1.2.3. [Delisle, J. \(1984\). Apwòch baze sou analiz diskou. L'analyse du discours comme méthode de traduction. Pp.15-35](#) **Error! Bookmark not defined.**
- 1.2.4. [Schleiermacher, Friedrich. \(1992\).Apwòch èmenetik . On the Different Methods of Translating.....](#) **Error! Bookmark not defined.**
- 1.2.5. [George, Steiner \(1975\). Èmenetik tradiksyonèl. After Babel : Aspects of Language and Translation. Pp. 252-319](#) **Error! Bookmark not defined.**
- 1.3. [Teyori pragmatik](#) **Error! Bookmark not defined.**
- 1.3.1. [Nord, C. \(1997\). Teyori skopos. Translating as a Purposeful Activity: Functionalist Approaches Explained. p. 27–37; p. 123–128 ...](#) **Error! Bookmark not defined.**
- 1.3.1.1. [Pwolonjman teyori skopos la.....](#) **Error! Bookmark not defined.**

- 1.3.2. [Holz-Mänttari, J. \(1984\). Teyori aksyonèl. Translatorisches Handeln: Theorie und Methode.](#) Nan Guidère, M. (2010). [Introduction à la traductologie: penser la traduction, hier, aujourd'hui, demain. Pp. 71–72](#)..... **Error! Bookmark not defined.**
- 1.3.3. [Levý, J. \(1967\). Teyori jwèt. Translation as a Decision Process. Pp. 1171–1182](#)
Error! Bookmark not defined.
- 1.4. [Even-Zohar, I. \(1990\). Teyori polisistèm. *Polysystem Studies. Poetics Today.*](#) Nan Raková, Z. (2014). [Les théories de la traduction. Pp. 105-108](#)**Error! Bookmark not defined.**
- 1.5. [Teyori sosyolojik ak ideyolojik](#) **Error! Bookmark not defined.**
- 1.5.1. [Boulangier, J.-C. \(2004\). Pèspektiv sosyolojik. La traductologie : approches et perspectives.](#)..... **Error! Bookmark not defined.**
- 1.5.2. [Simon, S. \(1996\). Pèspektiv feminis. Gender in Translation: Cultural Identity and the Politics of Transmission. Pp.1-35](#) **Error! Bookmark not defined.**
- 1.5.3. [Boulangier, P.-P. \(2004\). Pèspektiv pòskoloniyalis. L'épistémologie cinétique de la traduction : catalyseur d'éthique. Pp. 57-66.](#) **Error! Bookmark not defined.**
- 1.5.4. [Berman, A. \(1984\). Apwòch ideyolojik. L'épreuve de l'étranger: Culture et traduction dans l'Allemagne romantique.](#)..... **Error! Bookmark not defined.**
- 1.6. [Teyori tèminolojik](#) **Error! Bookmark not defined.**
- 1.6.1. [Apèsi istorik](#)..... **Error! Bookmark not defined.**
- 1.6.2. [Tèminoloji kòm disiplin](#) **Error! Bookmark not defined.**
- 1.6.3. [Apwòch teyori](#) **Error! Bookmark not defined.**
- 1.6.4. [Rechèch tèminolojik](#)..... **Error! Bookmark not defined.**
- 1.6.5. [Kilès ki itilize travay tèminològ yo ?](#)..... **Error! Bookmark not defined.**
- 1.6.6. [Kòman tèm yo rive kreye ?](#)..... **Error! Bookmark not defined.**
- 1.6.7. [Ki sa yon tèm ye ?](#) **Error! Bookmark not defined.**
- 1.6.8. [Tèm espesyalize](#)..... **Error! Bookmark not defined.**

1.6.9.	Tèm banalize	Error! Bookmark not defined.
1.6.10.	Tradiksyon espesyalize	Error! Bookmark not defined.
1.6.11.	Ki sa yon lang espesyalite ye ?	Error! Bookmark not defined.
1.6.11.1.	Aspè lengwistik	Error! Bookmark not defined.
1.6.11.2.	Aspè pragmatik	Error! Bookmark not defined.
1.6.11.3.	Aspè fonksyonèl	Error! Bookmark not defined.
1.6.12.	Tradiksyon espesyalize	Error! Bookmark not defined.
1.7.	Teyori ki lye dirèkteman ak teyori ki gen lyen pasyèl ak sijè a .	Error! Bookmark not defined.
2.	Kad konseptyèl	Error! Bookmark not defined.
2.1.	Tradiktoloji	Error! Bookmark not defined.
2.1.1.	Tradiktoloji fondamantal	Error! Bookmark not defined.
2.1.1.1.	Tradiksyon teyori fondamantal	Error! Bookmark not defined.
2.1.1.2.	Tradiksyon deskriptif fondamantal	Error! Bookmark not defined.
2.1.2.	Tradiksyon aplike	Error! Bookmark not defined.
2.2.	Tradiksyon	Error! Bookmark not defined.
2.3.	Prensip tradiksyon	Error! Bookmark not defined.
2.4.	Teknik tradiksyon	Error! Bookmark not defined.
2.4.1.	Adaptasyon	Error! Bookmark not defined.
2.4.2.	Anplifikasyon	Error! Bookmark not defined.
2.4.3.	Anpren	Error! Bookmark not defined.
2.4.4.	Kalk	Error! Bookmark not defined.
2.4.5.	Konpansasyon	Error! Bookmark not defined.
2.4.6.	Deskripsyon	Error! Bookmark not defined.
2.4.7.	Kreyasyon diskisif	Error! Bookmark not defined.

2.4.8.	Ekivalans	Error! Bookmark not defined.
2.4.9.	Jeneralizasyon	Error! Bookmark not defined.
2.4.10.	Tradiksyon literal	Error! Bookmark not defined.
2.4.11.	Modilasyon	Error! Bookmark not defined.
2.4.12.	Rediksyon	Error! Bookmark not defined.
2.4.13.	Transpozisyon	Error! Bookmark not defined.
2.4.14.	Anplifikasyon lengwistik	Error! Bookmark not defined.
2.4.15.	Konpresyon lengwistik	Error! Bookmark not defined.
2.4.16.	Patikularizasyon	Error! Bookmark not defined.
2.4.17.	Sibstitisyon lengwistik oswa paralengwistik	Error! Bookmark not defined.
2.4.18.	Varyasyon	Error! Bookmark not defined.
2.5.	Tipoloji tradiksyon	Error! Bookmark not defined.
2.6.	Pedagoji tradiksyon	Error! Bookmark not defined.
2.7.	Entèpretasyon	Error! Bookmark not defined.
2.8.	Didaktik tradiksyon	Error! Bookmark not defined.
2.9.	Tradiksyon didaktik	Error! Bookmark not defined.
2.10.	Tèminoloji	Error! Bookmark not defined.
3.	Kad istorik ak evolutif	Error! Bookmark not defined.
3.1.	Premye gran deba sou tradiksyon: tradiksyon nan lang laten	Error! Bookmark not defined.
3.2.	Tradiksyon nan lang alman	Error! Bookmark not defined.
3.3.	Tradiksyon nan lang franse	Error! Bookmark not defined.
3.4.	Tradiksyon nan lang angle	Error! Bookmark not defined.
3.5.	Lang kreyòl ayisyen an sou plan literè ak tradiktolojik	Error! Bookmark not defined.

3.5.1.	Kontèks tradiksyon nan peyi d Ayiti	Error! Bookmark not defined.
3.5.2.	Dat enpòtan nan listwa lang ekri kreyòl ayisyen an	Error! Bookmark not defined.
3.5.3.	Memwa ki ekri nan lang kreyòl ayisyen an dapre AKA	Error! Bookmark not defined.
3.5.4.	Kèk konsiderasyon teyori sou tradiksyon an kreyòl ayisyen ...	Error! Bookmark not defined.
3.5.4.1.	Konsiderasyon istoriko-lengwistik	Error! Bookmark not defined.
3.5.4.2.	Konsiderasyon sosyolengwistik	Error! Bookmark not defined.
3.5.4.3.	Konsiderasyon leksikolojik	Error! Bookmark not defined.
3.5.4.4.	Konsiderasyon nan nivo ideyoloji tradiktè yo	Error! Bookmark not defined.
3.5.4.5.	Konsiderasyon kiltirèl ki lye ak diferan kwayans lokitè yo	Error! Bookmark not defined.
3.5.4.6.	Konsiderasyon politik	Error! Bookmark not defined.
4.	Devlopman Teyori Didaktik Tradiksyon Kreyòl Ayisyen (TDTKA)	Error! Bookmark not defined.
	Bookmark not defined.	
4.1.	Enonse teyori a	Error! Bookmark not defined.
4.2.	Fondasyon teyori a	Error! Bookmark not defined.
4.2.1.	Tradiksyon kòm pratik sosyal ak ideyolojik	Error! Bookmark not defined.
4.2.2.	De gwo tandans tradiktolojik kreyòl ayisyen an	Error! Bookmark not defined.
•	Tandans leksikojènèz	Error! Bookmark not defined.
•	Tandans literyen an	Error! Bookmark not defined.
4.3.	Premis ak postila teyori a	Error! Bookmark not defined.
4.3.1.	Premis yo	Error! Bookmark not defined.
4.3.2.	Postila yo	Error! Bookmark not defined.

4.4.	Modèl konpetans tradiktè kreyòl ayisyen an	Error! Bookmark not defined.
4.5.	Konsèp tradiksyon natirèl nan TDTKA	Error! Bookmark not defined.
4.5.1.	Erè ki afekte kalite natirèl yon tradiksyon	Error! Bookmark not defined.
4.5.2.	Mezire dimansyon natirèl la: kijan pou evalye li?	Error! Bookmark not defined.
•	Korespondans ak nòm lang sib la	Error! Bookmark not defined.
•	Aksèptabilite leksikal	Error! Bookmark not defined.
•	Kolokasyon natirèl	Error! Bookmark not defined.
•	Rit ak fason diskou a rive sou piblik la	Error! Bookmark not defined.
•	Espresyon idyomatik	Error! Bookmark not defined.
•	Konpatibilite rejis ak estil	Error! Bookmark not defined.
•	Klate ak lizibilite	Error! Bookmark not defined.
•	Konsistans entèn	Error! Bookmark not defined.
•	Repons natif yo, lokitè natif yo	Error! Bookmark not defined.
4.5.3.	Kijan pou evalye nivo natirèl tradiksyon an ?	Error! Bookmark not defined.
•	Tès konparatif ak kòpis natif-natal	Error! Bookmark not defined.
•	Tès klate/konpreyansyon	Error! Bookmark not defined.
•	Analiz estrikti fraz	Error! Bookmark not defined.
•	Analiz Kolokasyon	Error! Bookmark not defined.
•	Tradiksyon ranvèse	Error! Bookmark not defined.
•	Tès lekti fonetik	Error! Bookmark not defined.
4.6.	Kowabitasyon 2 tandans yo	Error! Bookmark not defined.
4.7.	Nòm didaktik TDTKA	Error! Bookmark not defined.
4.8.	Aplikasyon didaktik teyori a	Error! Bookmark not defined.
	Chapit III : Metodoloji	Error! Bookmark not defined.

1. [Kontèks rechèch la](#)..... Error! Bookmark not defined.
 2. [Deskripsyon tip investigasyon an](#) Error! Bookmark not defined.
 3. [Deskripsyon popilasyon, echantiyon ak pwosesis seleksyon done yo](#) Error! Bookmark not defined.
 4. [Deskripsyon enstriman ki itilize yo, pwosedi evalyasyon yo](#) ... Error! Bookmark not defined.
 5. [Esplikasyon sou demach nou suiv yo](#) Error! Bookmark not defined.
 6. [Deskripsyon ak analiz done yo](#) Error! Bookmark not defined.
 7. [Jistifikasyon metòd analiz done yo](#)..... Error! Bookmark not defined.
 8. [Diskisyon sou validite entèn ak ekstèn](#)..... Error! Bookmark not defined.
 9. [Plan prezantasyon done yo: pati anpirik travay la](#) Error! Bookmark not defined.
 10. [Plan tèz la](#) Error! Bookmark not defined.
- [Chapit IV : Rezilta](#)**..... Error! Bookmark not defined.
1. [Ranmasay done yo](#)..... Error! Bookmark not defined.
 2. [Prezantasyon done yo](#)..... Error! Bookmark not defined.
 - 2.1. [Rezilta sou pwofil patisipan yo](#) **Error! Bookmark not defined.**
 - 2.2. [Rezilta sou pwosesis tradiksyon an](#) **Error! Bookmark not defined.**
 - 2.2.1. [Prensip, metòd ak zouti pou tradiksyon: kesyon 7 ak 4](#) **Error! Bookmark not defined.**
 - 2.2.1.1. [Prensip ak metòd](#) **Error! Bookmark not defined.**
 - 2.2.1.2. [Zouti ak èd pou tradiktè nan tradiksyon yo](#) **Error! Bookmark not defined.**
 - 2.2.2. [Defi tradiksyon kreyòl ayisyen an: repons nan kesyonè 3.](#) .. **Error! Bookmark not defined.**
 - 2.2.3. [Evalyasyon tradiksyon kreyòl ayisyen: kesyon 10](#) **Error! Bookmark not defined.**

[2.2.4. Remedyasyon pou tradiksyon kreyòl ayisyen an: kesyon 5, 6, 8 ak 9](#)**Error!**

Bookmark not defined.

[2.2.5. Rekòmandasyon patisipan yo](#) **Error! Bookmark not defined.**

[3. Analiz ak entèpretasyon done yo](#)..... **Error! Bookmark not defined.**

[3.1. Tradiksyon kreyòl kòm pratik](#) **Error! Bookmark not defined.**

[3.2. Enpwovizasyon sou plan metodolojik](#)..... **Error! Bookmark not defined.**

[3.3. Tèminoloji : yon zòn konfli ak kreyativite](#) **Error! Bookmark not defined.**

[3.4. Kritè evalyasyon ki depaman](#) **Error! Bookmark not defined.**

[3.5. Sou plan enstitisyonèl, tradiksyon kreyòl ayisyen an ap sibi move tretman](#) ..**Error!**

Bookmark not defined.

[4. Konfwontasyon rezilta yo ak mezi estatistik](#)..... **Error! Bookmark not defined.**

[5. Konparezon rezilta yo ak objektif yo](#)..... **Error! Bookmark not defined.**

[6. Sentèz done yo](#)..... **Error! Bookmark not defined.**

[Chapit V : Diskisyon](#)..... **Error! Bookmark not defined.**

[1. Brèf deskripsyon kesyon rechèch yo, pwosedi ki anplwaye ak rezilta yo](#) **Error!**

Bookmark not defined.

[1.1. Deskripsyon enplikasyon rezilta yo: siyifikasyon yo ak siyifyans yo](#).....**Error!**

Bookmark not defined.

[2. Limitasyon yo](#)..... **Error! Bookmark not defined.**

[3. Fòmilasyon sentetik](#) **Error! Bookmark not defined.**

[4. Rekòmandasyon ak sijesyon pou von pwochen rechèch](#) **Error! Bookmark not defined.**

[4.1. Devlopman materyèl didaktik pou tradiksyon an kreyòl ayisyen](#)....**Error! Bookmark not defined.**

[4.2. Rechèch konparatif sou tradiksyon nan lòt lang kreyòl yo ki gen franse kòm baz leksikal](#)
..... **Error! Bookmark not defined.**

[4.3. Etid sou wòl teknoloji nan tradiksyon kreyòl ayisyen an](#) . **Error! Bookmark not defined.**

[4.4. Travay sou tèminoloji teknik ak syantifik an kreyòl](#) **Error! Bookmark not defined.**

[4.5. Evalyasyon kritik sou fòmasyon tradiktè k ap fèt nan peyi d Ayiti](#) **Error!**
Bookmark not defined.

[4.6. Kreyasyon yon baz done oswa kòpis tradiksyon kreyòl ayisyen](#)..... **Error! Bookmark not defined.**

[4.6. Etid sou reprezantasyon sosyal ak ideyolojik tradiksyon an kreyòl ayisyen](#).. **Error!**
Bookmark not defined.

[Konklizyon](#)..... **Error! Bookmark not defined.**

[Referans](#) **Error! Bookmark not defined.**

Lis figi ak tablo

1. Chema tradiktoloji Toury pwopoze an 1995. Referans anèks ii
2. Faktè pragmatik pou fè diferans ant leksik komen ak tèminoloji. Ref. anèks iii
3. Ilistrasyon kwatènè inite tèminolojik yo. Referans anèks iv
4. Tablo estatistik patisipan yo. Referans anèks v
5. Graf sikilè sou klasifikasyon patisipan yo dapre kategori yo. Referans anèks vi
6. Tablo estatistik sou fòmasyon patisipan yo. Referans anèks vii
7. Graf sikilè sou fòmasyon patisipan yo. Referans anèks viii
8. Tablo done tradiksyon kreyòl ayisyen an dapre patisipan yo. Ref. anèks ix
9. Kwonogram aktivite. Referans anèks xi
10. Fòmilè ankèt. Referans anèks xii

Lis abrevyasyon ak sig

AKA	: Akademi K reyòl A yisyen
CCU	: Cornerstone C hristian U niversity
CFEF	: Centre de F ormation pour l'École F ondamentale
UNAP	: Université A utonome de P ort-au-Prince
EDSEG	: École de D roit et des S ciences É conomiques des G onaïves
ENARTS	: École N ationale des A rts
ENS	: École N ormale S upérieure
ESIT	: École S upérieure d' I nterprétation et de T raduction
ESTI	: École S upérieure de T raduction et d' I nterprétation
FLA	: F akilte L engwistik A plike
ONG	: Òganizasyon N on G ouvènmantal
MENFP	: M inistè E dikasyon N asyonal ak F òmasyon P wofesyonèl
TAO	: T radiksyon ak A sistans Ò dinatè
TDTKA	: T eyori D idatik T radiksyon K reyòl A yisyen an
UAG	: Université des A ntilles et de la G uyane

Glosè

Nan kad rechèch syantifik, langaj klè ak prezizyon nan tèm yo se eleman ki esansyèl pou asire bon jan konpreyansyon ak entèpretasyon tèm yo. Se nan sans sa a mwen prepare glosè sa a kòm yon zouti referans pou lektè yo. Glosè a ranmase divès konsèp, espresyon teknik ak mo kle ki itilize nan tout tèt la, epi li defini yo nan yon fason senp, klè e aksesib. Objektif li se fasilite lekti a, evite konfizyon epi pèmèt nenpòt moun, kèlkeswa nivo konesans li nan domèn nan, rive genyen yon pi bon konpreyansyon sou sijè ki trete a. Kidonk, glosè sa a sèvi kòm yon pon ant prezizyon syantifik ak aksè pou tout kategori lektè.

Adaptasyon

Ranplasman eleman kiltirèl ki nan tèks sous la pa mwayen yon lòt ki nan kilti sib la.

Apwòch èmenetik

Metòd tradiksyon ki mete aksan sou entèpretasyon pèsonel tradiktè a, kote l ap chèche eseye konprann panse ak sans otè a.

Apwòch lengwistik tekstyèl

Metòd ki mete aksan sou analiz diskou kòm baz pou tradiksyon tèks, espesyalman tèks pragmatik.

Anpren

Lè yo prete yon mo oswa espresyon dirèkteman nan yon lòt lang, pafwa san tradiksyon.

Chwa pwosede tradiksyon

Desizyon tradiktè yo pran konsènan teknik yo itilize pou fè tradiksyon an dapre kontèks oswa objektif la.

Defi tradiksyon kreyòl ayisyen an

Difikilte tradiktè yo rankontre lè y ap tradui an kreyòl ayisyen, tankou tèminoloji limite, absans resous oswa chwa estil.

Didaktik tradiksyon

Etid sou metòd ak teknik pou anseye tradiksyon, sa gen ladan l preparasyon materyèl, evalyasyon ak prensip aprantisaj pou tradiktè.

Diskou limite/ Discourse-type restricted

Tradiksyon ki fèt dapre tip tèks la, tankou tèks literè, administratif, syantifik, elatriye.

Domèn espesyalite

Zòn konesans espesifik kote tradiksyon mande konpetans tèminolojik ak teknik, tankou medsin, lalwa ak lasyans.

Domèn limite / Area-restricted

Tradiksyon ki limite dapre domèn oswa zòn, tankou medikal, legal, relijyon ak sa ki konsène lang ak kilti.

Ekivalans

Rekonesans de (2) espresyon ki diferan men ki bay menm sans pou de (2) lang diferan.

Ekivalans fonksyonèl

Kalite ki nan yon ekivalans kote eleman ki tradui a gen menm fonksyon ak orijinal la nan lang sib la.

Estilistik kontrastif

Analiz estil (fason pale oswa ekri) de (2) lang diferan pou mete an valè diferans espresyon yo.

Estrateji tradiksyon

Metòd oswa teknik tradiktè itilize pou rezoud pwoblèm pandan tradiksyon.

Evalyasyon tradiksyon

Analiz sou bon jan kalite tradiksyon ki fèt sou baz fidelite, klate, fonksyonalite, elatriye.

Evalyasyon tradiksyon kreyòl ayisyen

Kritè ak metòd pou jije bon jan kalite tradiksyon ki fèt an kreyòl ayisyen, tankou kalite lang, kalite kominikatif, fidelite, klate ak fonksyonalite.

Entèferans

Lè estrikti oswa abitud nan lang sous la enfliyanse tradiksyon an nan lang sib la, nan sans opoze, sa ka rive se lang sib la ki enfliyanse lang sous la tou.

Entètekstyalite

Relasyon ant tèks ak lòt tèks, tankou pawoli, sitasyon, oswa pastich, ki enpòtan pou konprann sans kiltirèl ak estilistik.

Fòmasyon tradiktè

Preparasyon pwofesyonèl ak pedagojik moun k ap antre nan metye tradiksyon ki mete aksan sou konpetans lengwistik, kiltirèl ak teknik.

Fonksyon kominikatif

Wòl mesaj ki tradui a jwe pou kominike enfòmasyon, santiman oswa entansyon bay yon lektè nan lang sib la.

Inite tradiksyon

Pi piti blòk sans ki pa ka separe lè y ap tradui, paske tout eleman ladan li depann youn de lòt.

Kalk

Tradiksyon mo pou mo oswa estrikti fraz ki sòti dirèkteman nan yon lòt lang ki gen pou wè ak sentag.

Konparativis

Apwòch ki analize diferans ak resanblans ant lang ak kilti pou fasilite tradiksyon.

Konpetans tradiktè

Konpetans lang, kiltirèl ak teknik tradiktè dwe genyen pou li fè tradiksyon ak efikasite.

Konvansyon diskou

Règleman oswa modèl pale oswa ekri nan yon lang ki ka varye soti nan yon lang rive nan yon lòt.

Lang natirèl

Lang moun pale chak jou nan kominote yo ki opoze ak lang fòmèl oswa atifisyèl.

Lang objè

Lang ki sèvi kòm sijè etid la oswa analiz, anplis lang kominikasyon oswa tradiksyon. Li opoze ak lang ansèyman.

Lang sib

Nan lang kote mesaj la ap tradui a, reseptè final la.

Lang sous

Lang kote mesaj orijinal la soti a.

Lang zouti

Lang yo itilize kòm mwayen pou aprantisaj oswa transmisyon konesans, tankou nan ansèyman.

Lengwistik aplike

Itilizasyon konesans sou lang pou rezoud pwoblèm reyèl tankou tradiksyon, edikasyon ak entèpretasyon.

Lengwistik kontrastif

Etid ki konpare de lang pou mete aksan sou diferans ak resanblans yo.

Mache tradiksyon ayisyen

Espas kote tradiksyon fèt nan peyi d Ayiti, ki ka gen ladan l pwofesyonèl, òganizasyon ak demann piblik/prive.

Metafò kiltirèl

Figi estil ki chaje ak siyifikasyon kiltirèl epi ki ka difisil pou tradui dirèk, men ki endispansab pou konpreyansyon tèks yo.

Modilasyon

Chanjman pwennvi oswa fòmilasyon pandan tradiksyon pou mesaj la pi adapte ak lang sib la.

Mwayen limite / *Medium restricted*

Tradiksyon ki analize dapre sipò oswa mwayen li fèt sou li a, tankou oral, ekri, òdinatè oswa tradiksyon machin.

Nivo limite/ *Rank-restricted*

Tradiksyon ki baze sou nivo langaj la tankou mo, fraz, paragaf, tèks, elatriye.

Pedagoji tradiksyon

Aspè pratik ansèyman tradiksyon an, tankou jan pwofesè ap kominike konesans, jan etidyan ap pratike.

Pwosesis koyitif tradiksyon

Mekanis panse entèlektyèl tradiktè itilize pandan l ap konprann epi repwodui sans tèks la.

Sansiblite sosyolengwistik

Kapasite tradiktè a genyen pou li rekonèt eleman kiltirèl ak sosyal nan lang lan, tankou fòmil politès ak rejis lang.

Sistèm grafi

Règleman oswa nòm ki tabli fason pou ekri yon lang. Nan ka kreyòl ayisyen, li enpòtan pou estandadizasyon ak tradiksyon.

Tekstoloji

Etid sou konpozisyon tèks yo ak fason yo òganize, espesyalman pou konprann estrikti ak fonksyon tèks nan tradiksyon.

Tèks pragmatik

Tèks ki pa literè, ki gen objektif kominike enfòmasyon pratik, tankou dokiman administratif oswa syantifik. Li plis chita sou enfòmasyon.

Tèminoloji

Etid sou tèm, mo teknik oswa espesyalize ki itilize nan yon domèn. Li enpòtan anpil pou tradiksyon teknik ak syantifik.

Teyori tradiksyon

Refleksyon syantifik sou kijan tradiksyon fèt, pou ki sa li fèt yon fason oswa yon lòt, epi ki faktè ki enfliyanse chwa tradiktè yo.

Tradiksyon

Aksyon pou transfere sans ki soti nan yon lang. Lang sous pou ale nan yon lòt lang sib, pandan yo konsève sans orijinal la.

Tradiksyon domestik

Opoze ak egzotizasyon, li adapte tèks la nèt pou li parèt kòm yon pwodui natif-natal nan lang sib la.

Tradiksyon egzotizan / etranjeyizan

Fason yo tradui kote lang sib la kenbe yon sans etranje, olye li adapte nèt ak kilti lokal la.

Tradiksyon kreyòl

Tradiksyon ki fèt an kreyòl ayisyen. Li gen defi espesifik, tankou vokabilè, estrikti lang ak istwa grafi.

Tradiksyon teyorik fondamantal

Sou-disiplin ki chache defini prensip jeneral pou esplike kòman tradiksyon fèt.

Tradiktoloji

Disiplin ki etidye tradiksyon kòm yon aktivite syantifik. Li analize pwosesis ak pwodui tradiksyon an, ansanm ak teyori, metòd ak teknik ki gen lyen ak li.

Tradiktoloji aplike

Branch nan tradiktoloji ki konsantre sou aplikasyon teyori tradiksyon yo nan fòmasyon, zouti asistans ak evalyasyon tradiksyon.

Tradiktoloji fondamantal

Branch nan tradiktoloji ki chita sou teyori ak deskripsyon fenomèn tradiksyon an san aplikasyon dirèk.

Transfè kiltirèl

Adaptasyon eleman kiltirèl pandan tradiksyon pou respekte referans lektè nan lang sib la.

Transpozisyon

Chanjman kategori gramè pandan tradiksyon. Egzanp: vèb tounen non.

Vid didaktik

Absans metodoloji oswa zouti ki adapte pou anseye oswa aprann tradiksyon yon fason efikas, espesyalman an kreyòl ayisyen.

Jan nou te presize sa nan entwodiksyon glosè a, objektif la se fasilite lekti a, evite konfizyon epi pèmèt nenpòt moun, kèlkeswa nivo konesans li nan domèn nan, rive genyen yon pi bon konpreyansyon ak prezizyon sou sijè ki trete a. Nou te asire nou tèm yo defini ak objektivite epi sou baz travay ki egziste deja nan tèminoloji. Kidonk nou te konsilte lòt sous tèminolojik tankou glosè ki nan ouvraj Vinay & Darbelnet (1958) ak Deslisle (2014) la kòm gid.

Entwodiksyon

Lèzòm itilize divès mwayen diferan pou kominike youn ak lòt. Yo itilize siy lengwistik ak siy ikonik daprè bezwen ak sitiyasyon kominikasyon yo. Menm lè mwayen kominikasyon yo anpil, sa pa anpeche pwoblèm entèkonpreyasyon egziste nan mitan pèp ak pèp oswa moun ak moun akòz divèsifikasyon kiltirèl, jewografik ak fason diferan yo wè lemond. Kidonk, vin gen nesosite yon lòt mwayen pou konekte yo nan lide pou yo ka echanje youn ak lòt malgre diferans yo. Se nan lide pou reponn ak nesosite sa a, nan chèche jwenn resanblans nan diferans pèp ak pèp oswa moun ak moun, tradiksyon vin parèt kòm yon zouti pou konekte tout mwayen kominikasyon sa yo ansanm malgre diferans yo.

Souvan depi nou pale de kominikasyon moun ak moun, se kominikasyon vèbal ki parèt nan lespri nou pi vit, paske se lang moun plis itilize pou esprime bezwen, dezi, fè blag, fè bèlte, rakonte istwa epi esprime vizyon nou sou lemond oswa sosyalize nou tou kareman. Men, sa pa anpeche, menm lè lèzòm itilize lang kòm mwayen ki pi efikas pou echanj vèbal, yo itilize plizyè lòt mwayen kominikasyon tankou siy non vèbal yo tou, sa ki lakoz tradiksyon vin parèt pi konplèks, kote tradiksyon oblije konsidere rapò lang ak lang, epi konsidere rapò lang ak lòt siy non lengwistik tou. Se nan menm lide sa a, yon chèchè tankou Jakobson konsidere twa tip tradiksyon: tradiksyon entèlengwal oswa refòmilasyon, tradiksyon entralengwal, ak tradiksyon entèsemiotik oswa transmitasyon (Jakobson, *On linguistic Aspects of translation*, 1959).

Nan epòk kote tradiksyon po t ko devlope, tradiksyon pa t parèt kòm yon etid konplèks, yo te konn asimile li ak aprantisaj lang. Poutan jodi a, tradiksyon pran yon lòt dimansyon gras ak travay anpil tradiktològ ki defini objè etid li, travay sou konsèp yo, metòd oswa nou kapab di yo travay sou kesyon epistemolojik li. Travay ki fèt yo fasilite, jodi a, tradiksyon fèt ak objektivite. Yo menm rive devlope yon pedagoji ak yon didaktik pou tradui kèlkeswa nati tèks la. Nou

mansyone tèm objektivite a nan tradiksyon nan de nivo: yon nivo jeneral ak yon nivo espesifik. Nan nivo jeneral la, nou wè didaktik jeneral ki vini ak yon seri prensip pou anseye tradiksyon, ki chita sou yon ansanm eleman ki esansyèl pou reyisit tout tradiksyon nan kèlkeswa lang oswa transfè entèsemyotik la. Pou nivo espesifik la, nou wè yon seri metòd ak teknik ki devlope espesyalman pou yon lang oswa yon fanmi lang byen detèmine. Nan dezyèm nivo sa a, nou kapab pale tou de yon didaktik tradiksyon espesifik ki chita sou yon lang, e se dezyèm nivo sa a ki pi enterese nou nan travay rechèch nou, nan kontèks tradiktoloji lang kreyòl ayisyen an.

Nan kontèks sa a, nenpòt moun ki okouran de travay lasyans k ap pwodui nan yon lang ta ka antisipe pou di lang sa a ta gentan franchi anpil etap nan devlopman li; li soti nan oral pou ale nan ekri; lang sa a rive nan yon wo nivo estandadizasyon, elatriye. Anvizaje etidye lang kreyòl ayisyen an sou plan tradiktolojik se ta etidye lang lan nan doub dimansyon li : oral ak ekri. Nan kad travay sa a, se ekri a ki enterese nou, menm lè li t ap enpòtan anpil pou nou voye je gade lang kreyòl ayisyen nan tout entegralite li lè nou konnen lang yo devlope nan nivo oral anvan yo rive alekri.

Lekti nou fè sou devlopman lang kreyòl ayisyen an fasilite nou jwenn tras istwa lang sa a nan nivo ekri. Nou rive dekouvri, malgre gen anpil travay ki po ko fèt sou lang lan, kreyòl ayisyen an gentan franchi anpil etap enpòtan. Daprè Hazael-Massieux (2008), site nan Govain (2022), se depi nan epòk Ayiti te rele Sendomeng, yo te konn ekri lang kreyòl la nan pati zile a. Te genyen anpil pyès teyat yo te konn jwe nan vil Okap, gen ladan yo ki te ekri an kreyòl. Daprè istoryen yo, premye tèks kreyòl ki te ekri se yon powèm-chante ki rele *lisette quité la plaine* an 1757 (Govain, 2022).

Menm lè gen anpil done ki disponib sou devlopman lang kreyòl ayisyen an, nou rive dekouvri yon seri paradòks nan devlopman lang lan. Youn nan aspè ki atire atansyon nou nan

istwa lang kreyòl ayisyen an se devlopman sistèm grafi li a parapò ak tradiksyon tèks nan lang lan. Pou nou site Elodie (2021), « menm lè grafi li pizoumwèn resan, tradiksyon nan lang kreyòl pa yon fenomèn ki nouvo » (Élodie, 2021). Sa montre nou tradiksyon pa t pran tan pou devlope an kreyòl malgre lang kreyòl ayisyen an po t ko gen sistèm grafi ki byen chita. Nou menm rive gen tras tradiksyon anvan adòpsyon yon sistèm òtografik konvansyonèl, lè nou konnen Georges Sylvain pral tradui *fab La Fontaine* yo an 1901 nan lang kreyòl ayisyen an sou non « Cric ? Crac ! » (Confiant, 2022). Nan yon kontèks parèy, se yon nesesite pou nou chèche genyen bon jan lide sou prensip tradiksyon nan lang sa a, kote tradiksyon ap pratike depi plis pase san (100) lane.

Nan yon atik li ekri, *les grands chantiers de la traduction en créole haïtien*, Berrouët-Oriol (2015) rive poze plizyè kesyon nan lide pou jwenn bon jan enfòmasyon k ap fasilite li dekri tradiksyon ki fèt nan lang kreyòl ayisyen an, pami yo li rive mande tèt li :

Èske li posib pou rive enonse karakteristik mache tradiksyon ayisyen an ?

Èske nou rive genyen pwofil jeneral tradiktè k ap travay yo sou yon baz pwofesyonèl ? Èske gen yon enstitisyon nan peyi d Ayiti k ap ofri fòmasyon espesyal pou tradiksyon ? Daprè li, li pa fasil pou jwenn enfòmasyon klè sou tradiksyon sou plan istorik ak sa k ap pase nan moman an pou ta rive dekri prensip tradiksyon yo (Berrouët-Oriol, 2015).

Nou kapab remake, menm lè tradiksyon ap pratike nan lang kreyòl ayisyen an depi plis san lane, egzistans yon gwo vid didaktik ki make domèn nan. Olye tradiksyon devlope sou baz yon refleksyon sistematik, yo souvan pratike li yon fason anpirik. Sa ki fè li chita sou esperyans endividyèl tradiktè yo olye yo fonde li sou prensip didaktik oswa metodolojik ki byen tabli.

Sitiyasyon sa a souleve plizyè kontradiksyon. Yon bò, tradiksyon an ap pratike yon fason regilye nan tèks literè, relijye, administratif oswa menm nan tèks syantifik. Yon lòt bò, pa gen okenn kad fòmasyon ki fasilite moun aprann oswa abòde tradiksyon nan lang kreyòl ayisyen an kòm lang sib. Kòm konsekans, tradiktè yo souvan egzèse metye a san yo pa resevwa yon preparasyon ki adapte ak espesifisite lengwistik ak kiltirèl kreyòl ayisyen an.

Vid sa a manifeste nan plizyè dimansyon. Nan nivo fòmasyon, absans yon didaktik tradiksyon kreyòl lakoz konesans yo pa transfere nan yon kad estriktire, men pito nan yon pratik britsoukou ki limite transfè konpetans ant yon jenerasyon ak yon lòt. Nan nivo evalyasyon, limit nan kritè objektif pou mezire kalite tradiksyon kreyòl yo pa fasilite yo etabli yon konsansis sou yon estanda ki byen chita. Sa ki lakoz tradiksyon egzèse tankou yon pratik sibjektif olye yon pratik syantifik.

Finalman, nan nivo tèminoloji, anpil domèn espesyalize kontinye ap souffri akòz vokabilè estanda limite, sa ki pouse tradiktè yo fè chwa pwovizwa, enpòte tèm etranje oswa adapte yo nan yon fason non konvansyonèl, sou yon baz endividyèl. Sitiyasyon sa a fè parèt byen klè yon kontradiksyon fondamantal : pandan tradiksyon kreyòl egziste depi plis pase yon syèk, mekanis syantifik ak pedagogik ki ta dwe soutni li po ko egziste oswa po ko devlope.

Nan sans sa a, nou rete kwè li enpòtan anpil pou abòde tradiksyon kreyòl ayisyen an avèk yon vizyon sistematik, nan lide pou konstui yon fondman didaktik ki kapab sèvi kòm referans. Pou nou reyalize sa, nou chwazi poze tèt nou kèk kesyon nou jije ki fondamantal : sou ki prensip tradiktè yo chita pou yo fè tradiksyon nan kreyòl ayisyen ? Ki ansanm defi teyorik ak pratik tradiksyon nan lang sa a prezante ? Se kesyon sa yo ki fòmile pwoblèm rechèch nou, e se nan eseye reponn yo nou vize pote yon kontribisyon nan direksyon konstriksyon yon didaktik

tradiksyon kreyòl ayisyen ki gen valè syantifik, kote n ap tou devlope yon teyori pou didaktik tradiksyon kreyòl ayisyen an.

Travay sa a reyalize nan lide pou fè yon etid deskriptif sou tradiksyon kreyòl ayisyen an kòm lang sib, k ap fasilite nou rive nan yon didaktik tradiksyon kreyòl ayisyen. Objektif la se rive konprann ki lide ki enfliyanse chwa pwosede tradiksyon yo nan moman transfè mesaj yo, soti nan lòt lang yo rive nan kreyòl ayisyen an. Nou anvizaje wè ki divès faktè ki konsidere kòm fondman chwa teyorik tradiksyon ki fèt nan lang kreyòl ayisyen an.

Pou nou rive reyalize travay sa a, nan yon lojik metodolojik, n ap suiv plizyè etap. Nan premye etap la, n ap konsantre nou sou prezantasyon pwoblèm nan, tabli kontèks istorik, sosyal ak lengwistik li kote kesyon tradiksyon an poze nan kreyòl ayisyen an, pandan n ap mete aksan sou kontradiksyon ak vid ki jistifye nesosite etid la.

Dezyèm etap la, revizyon literati ak kad konseptyèl la, ap sèvi pou prezante kontribisyon ki deja egziste yo, men plis toujou pou revele limit ak espas ki po ko explore nan kontèks lang kreyòl ayisyen an sitou, sa ki ap fasilite nou tabli yon kad analitik solid.

Twazyèm etap la, metodoloji a, pa sèlman yon senp deskripsyon teknik men yon refleksyon sou rezon ki soutni chwa metòd yo, sou validite ak fyabilite done yo epi sou enplikasyon epistemolojik ki mache ak yo.

Katriyèm etap la, prezantasyon ak entèpretasyon done yo, n ap dekri pratik tradiksyon kreyòl ayisyen an, prezante estrateji tradiktè yo mete an plas pou fè tradiksyon nan lang kreyòl ayisyen an, epi rive jwenn lojik kiltirèl, lengwistik ak ideyolojik ki soutni yo.

Nan senkyèm etap la, analiz konparatif ant kesyon rechèch yo ak rezilta yo, ap louvri yon refleksyon kritik sou defi tradiksyon kreyòl ayisyen an, sou posiblite pou konstui yon didaktik tradiksyon ki solid epi sou kesyon idantite lengwistik ak politik ki lye ak tradiksyon.

Finalman, konklizyon an p ap limite sèlman nan rezime etap yo, li ap mete aksan tou sou kontribisyon fondamantal travay la nan domèn tradiktoloji, sou inovasyon li pote pou etid tradiksyon kreyòl ayisyen an, epi sou pèspektiv li louvri pou lòt rechèch nan nivo teyori, pedagogik ak pwofesyonèl. Nan fason sa a, nou gen objektif pozisyon travay la kòm yon kontribisyon orijinal nan konstriksyon yon tradiktoloji kreyòl ayisyen. L ap gen yon valè syantifik ki ka sèvi kòm referans pou chèchè nan tradiktoloji ak pratikan tradiksyon nan lavni.

Chapit I : Pwoblematik

Menm jan ak anpil lòt lang nan monn nan, lang kreyòl ayisyen an franchi plizyè etap enpòtan nan listwa li. Divès etap sa yo lye ak diferan dimansyon devlopman yon lang kapab konnen dapre kontèks sosyal ak politik li. Chak etap charye pwòp karakteristik yo, sòti nan nivo oral pou rive nan lang ekri, epi pi lwen toujou, li rive devlope yon rapò entèlengwistik, entèsemiyotik ak entèkiltirèl. Nòmalman, pwosesis sa a ki ta dwe evolye nan yon dinamik pwogresif, te sibi yon fòm « gwosès fòse » nan domèn tradiksyon, kote tradiksyon te vin parèt kòm yon nesosite, alòske lang kreyòl ayisyen an pa ko menm franchi etap fondamantal nan devlopman ekriti li. Sa krewe yon paradòks, lè nou konsidere tradiksyon kòm yon aktivite ki chita sou ekriti yon lang, nan kad tradiksyon entèlengwistik espesyalman, kòmanse vale tèren san yon sistèm òtograf djanm. Epi tou, se lide tradiksyon an menm ki sèvi pretèks pou tabli yon sistèm òtograf nan lang kreyòl ayisyen an.

Sou plan istorik, nou kapab di tradiksyon nan peyi d Ayiti kòmanse devlope depi anvan mouvman ki te gen objektif pou tabli premye òtograf pou kreyòl ayisyen an. Youn nan premye tèks ki tradui nan lang kreyòl ayisyen se fab *La Fontaine* yo, an 1901. Men se tradiksyon Labib ki plis make listwa tradiksyon nan kreyòl ayisyen nan lane 1945, lè nou konsidere rapò li te devlope ak premye sistèm òtograf ki te vini nan lane 1940 lan. Tradiksyon nan lang kreyòl ayisyen an pa sèlman rezilta yon devlopman lengwistik lineyè, li se koz okazyonèl lang ekri a, epi se yon pwodui nesosite sosyal, kiltirèl ak politik ki pouse aktè yo itilize lang lan kòm zouti kominikasyon ekri anvan menm li rive atenn estandadizasyon li.

Nan yon kontèks parèy, rive konprann listwa tradiksyon nan lang kreyòl ayisyen an se, an konsekans, rive konprann listwa ekriti lang kreyòl ayisyen an. Premye tèks ki te ekri nan lang lan

pa t sèlman yon prèv kapasite kreyòl la pou sèvi kòm mwayen ekriti, se sitou rezilta yon mouvman tradiksyon ki soti nan franse, lang minorite a, pou ale nan kreyòl ayisyen an, lang majorite a, swa pou rezon pedagogik oswa pou rezon relijye oswa pou fasilite kominikasyon. Tradiksyon pa t yon zouti kominikasyon sèlman, men yon mwayen pou reyafime idantite kolektif, fasilite aksè ak konesans, epi pouse lang kreyòl la antre nan yon espas ekri ki te rezève pou franse anvan. Menm si li te fèt nan kondisyon enstab, tradiksyon nan kreyòl ayisyen jwe yon wòl istorik nan pouse lang lan franchi baryè oralite a pou rantre nan domèn ekri.

Nou kapab wè kontradiksyon ki tabli baz pwoblèm rechèch nou an : tradiksyon nan lang kreyòl ayisyen devlope nan yon kontèks kote lang lan pa t gen baz ekri solid. Sa kreye yon nesosite pou etidye yon bò, kòman tradiksyon te posib nan epòk sa a. Yon lòt bò tou, ki konsekans istorik, pedagogik ak didaktik sitiyoasyon sa a pote sou pratik tradiksyon kreyòl ayisyen an jodi a. Nou kapab konprann tou, tradiksyon pa t fèt nan lide pou devlope tradiksyon kòm disiplin oswa domèn rechèch, men se te pito nan yon dinamik pedagogik ak kominikasyonèl, nan lide pou anseye lokitè yo nouvo konesans, rive bay mesaj yo yon fason efikas epi rive evanjelize yo.

Nan sans sa a, kòm kreyòl ayisyen se te lang majorite moun sou tèritwa a te pale, epi yo pa t oblije ale lekòl pou konprann li, lang sa a te prezante tèt li kòm kanal ki pi aksesib pou fòm ak enfòm popilasyon an tout bon vre. Nan kontèks sa a, nenpòt inisyativ ki te vize pataje konesans, espesyalman nan kad misyon relijye, edikatif oswa kiltirèl, te oblije pase atravè kreyòl si gen volonte pou rive touche divès kouch nan sosyete a. Volonte pou rann konesans disponib nan yon lang tout moun konprann te mennen nan nesosite pou tradui sa ki te ekri oswa ki di nan lòt lang, sitou nan lang franse ki te gentan ap vale tèren, pou mete l disponib nan lang ayisiyen an. Kidonk, tradiksyon nan epòk sa a te plis yon kesyon pragmatik pase yon kesyon teyorik : li te sèvi kòm

zouti pou asire aksè ak kominikasyon olye yo te konsidere li kòm yon domèn pou refleksyon metodolojik ak syantifik.

Nou ka konprann tradiksyon te egziste nan lang kreyòl ayisyen an san yo pa t pran tan pou tabli metòd oswa pou poze kesyon sou prensip ki ta dwe gide l. Yo te plis sèvi ak tradiksyon kòm yon entèlang, yon pon pou fasilite transfè mesaj yo soti nan lòt lang rive an kreyòl ayisyen an, espesyalman soti nan franse rive an kreyòl. Kidonk, sa ki te pi enpòtan nan epòk la se pa t « kòman pou byen tradui », men pito « kòman pou fè moun konprann ».

Poutan jodi a, kontrèman ak premye etap devlopman lang kreyòl ayisyen an, nou obsève gen anpil tradiksyon ki reyalize nan lang kreyòl ayisyen an. Gen anpil pwojè enpòtan k ap reyalize nan tradiksyon materyèl didaktik. Nou jwenn gen lekòl ak inivèsite ki menm kòmanse entegre ansèyman tradiksyon nan pwogram yo, kote gen fakilte ki menm gen filyè tradiksyon ki egziste depi plis pase uit (8) lane. Malgre tout aktivite sa yo, nou konstate yon mank prèske total nan travay teyorik ki tabli kad refleksyon sou tradiksyon kreyòl ayisyen an.

Nou pa rive jwen okenn materyèl didaktik ki ta ka sèvi kòm zouti nan fòmasyon pwofesyonèl tradiktè yo. Sa kreye yon dezakò fondamantal: pratik la ap vale tèren alòske refleksyon syantifik ak didaktik ki ta dwe soutni li pa devlope nan menm rit la. Alòske, nou konnen nan tradiktoloji, pratik ak teyori mache kòtakòt. Yon tradiksyon ki pa akonpaye ak yon refleksyon teyorik sou metòd ak kritè evalyasyon rete limite nan potansyèl li. Se nan dyalòg ant teyori ak pratik la tradiksyon jwenn fondman solid pou fonksyone kòm yon domèn syantifik ak pedagojik.

Daprè sa yon teyorisyen ekri, Baker (1992), bon jan teyori ankouraje etidyan yo reflechi sou sa y ap fè, kòman yo dwe fè, epi pou ki rezon sa fèt yon fason olye se yon lòt fason (Baker, 1992). Epi Lavault-Olléon (2007) yon lòt bò avanse pou di teyori ak pratik se Kòkòt ak Figawo, youn pa ka detache ak lòt. Teyori la pou sèvi pratik la, pratik la pou konplete teyori a li menm

(Lavault-Olléon, 2007). Kidonk, diskou sou tradiksyon ki egziste yo demontre aklè nesese pou gen yon retou refleksif sou pratik tradiksyon ki fèt nan lang kreyòl ayisyen an. Sa vle di, tradiksyon pa ka sèlman limite nan yon seri pratik anpirik ki repete otomatikman san okenn gid. Okontrè, li mande yon fondman teyorik ki kapab oryante travay tradiktè yo, defini kritè ki fasilite yo evalue bon jan kalite tradiksyon yo epi mete yo nan yon kad syantifik ki solid. Nan sans sa a, teyori tradiksyon yo pa senpman yon eleman abstrè oswa dekoratif nan domèn nan; yo vin sèvi kòm pwèn referans esansyèl pou tout chèchè ak pratikan ki enterese nan tradiksyon.

Nan menm sans sa a tou, Chesterman (1997) pral fini pou di tout tradiktè dwe genyen yon teyori tradiksyon : tradui san teyori, se tradui tankou avèg. Daprè li menm, konsèp teyorik yo kapab sèvi zouti esansyèl pou refleksyon ak lè y ap gen pou pran desizyon nan moman pwosesis tradiksyon an (Chesterman, 1997). Nan sans sa a, san teyori li difisil anpil pou evalue yon travay pratik.

Menm lè genyen plizyè lekòl ak pwogram ki fòme tradiktè pou travay nan lang kreyòl ayisyen an, e menm lè tradiksyon ap pratike depi lontan nan lang sa a, li toujou evidan genyen yon gwo vid sou plan teyorik ki konsène tradiksyon kreyòl ayisyen an. Yon lòt fason, menm lè pratik tradiksyon an ap devlope, refleksyon syantifik, metodolojik ak pedagojik ki ta dwe gide pratik la po ko devlope. Sitiyasyon sa a montre aklè yon defi fondamantal : defi didaktik la, ki depase kesyon senp pratik tradiksyon pou li vin enplike nesese pou konstui yon fondman teyorik solid ki ka gide aksyon tradiktè yo.

Nan kontèks sa a, nan lide pou konprann pwosesis tradiksyon nan kreyòl ayisyen an nan tout kompleksite li, li nesese pou nou poze kesyon sou fason tradiktè yo ap travay, estrateji yo itilize, ak kritè ki gide pratik yo. Analiz kesyon sa yo ap fasilite nou dekouvri an menm tan

esperyans pratik tradiktè yo ak enpak istorik, sosyal, kiltirèl, pedagogik ak ideyolojik tradiksyon nan lang kreyòl ayisyen an.

Se kon sa, nan kad rechèch sa a, nou rive poze yon seri kesyon rechèch ki gide etid la epi defini kontèks teyorik ak metodolojik tradiksyon kreyòl ayisyen an.

Kesyon rechèch yo

1.1. Kesyon prensipal la

Ki sa ki defini didaktik tradiksyon kreyòl ayisyen an ?

1.2. Kesyon segondè yo

1.2.1. Sou ki prensip tradiktè yo chita pou yo fè tradiksyon nan lang kreyòl ayisyen an ?

1.2.2. Ki divès defi teyorik ak pratik tradiksyon nan lang kreyòl ayisyen an prezante ?

Objektif ki mache ak kesyon rechèch yo

2.1. Objektif prensipal la

Detèmine didaktik tradiksyon kreyòl ayisyen an.

2.2. Objektif segondè yo

2.2.1. Analize divès prensip tradiktè yo defini nan kad tradiksyon yo fè nan lang kreyòl ayisyen an.

2.2.2. Idantifye divès defi tradiksyon prezante nan lang kreyòl ayisyen an pou tradiktè yo.

Definisyon tèm kle yo

Tradiktoloji

Tradiktoloji se yon disiplin anpirik kote objektif li se dekri fenomèn tradiksyon an, pwosesis ak pwodui operasyon tradiksyon an (Casimir).

Tradiksyon

Tradiksyon se transfere sans soti nan yon lang rive nan yon lòt lang. Sa rive fèt soti nan fòm premye lang lan ale nan fòm reseptè a pandan y ap prete atansyon ak estrikti semantik la. Sans k ap transfere a pa dwe chanje. Se sèlman fòm nan k ap chanje. Nan fòm tradiksyon an soti a rele lang sous epi nan fòm tradiksyon an fèt la rele lang sib. Kidonk, tradiksyon se etidye leksik, estrikti gramè, sitiyasyon kominikasyon ak kontèks kiltirèl ki nan tèks lang sous la. Se analize yo pou rive jwenn sans yo epi rekonstui menm sans lan pandan y ap itilize leksik ak estrikti gramè apwopriye nan lang sib la nan respè kontèks kiltirèl yo (Mildred, 1998).

Didaktik tradiksyon

Ansanm teyori, metòd ak teknik yo itilize nan ansèyman tradiksyon. Mo didaktik la soti nan lang grèk *διδασκτικός* ki vle di *la pou enstrui*. Yon mwayèn tradiksyon se yon enstriman fòmasyon ki fè pati didaktik tradiksyon. Didaktik tradiksyon an transmèt konesans yo epi tabli règ pou ansèyman matyè a. Objè li se pwogram tradiksyon an, kontni kou yo, pwosesis aprantisaj la ak mòd evalyasyon yo. Didaktik la ap chèche fason pou jwenn konesans lan e l ap tante eseye reponn kesyon: ki sa ki dwe anseye pou rive fòme tradiktè? (Delisle, La traduction raisonnée, 2013).

Jistifikasyon

Jounen jodi a gen anpil rezon pou pouse yon chèchè tankou mwen reyalize yon travay parèy. Men kèk pami rezon yo:

Sou plan syantifik, se yon travay k ap fasilite gen plis rechèch ki fèt nan tradiktoloji, sitou yon rechèch sou lang kreyòl ayisyen an kote gen anpil vid pou konble. Travay sa a ap konsidere

kòm yon gid pou plizyè lòt chèchè ki konte travay sou tradiktoloji kreyòl ayisyen an. L ap fasilite pwofesè k ap anseye tradiksyon an kreyòl kòm lang sib yo jwenn yon baz teyorik pou ansèyman yo.

Sou plan pèsònèl, yon rechèch kon sa ap fasilite mwen devlope plis konpetans nan domèn nan gras ak divès lekti ak eksperyans mwen fè nan kad travay sa a. Se yon travay k ap fasilite mwen gen plis done ak konfyans pou m pale de tradiksyon epi rive anseye domèn nan pi byen toujou.

Sou plan akademik, m ap rive reponn egzijans Cornerstone Christian University yo epi rive dekwoche diplòm doktora mwen nan tradiktoloji.

Pou kominote kreyolofòn nan, travay sa a ap fasilite yo gen aksè ak konesans syantifik nan pwòp lang yo, sitou nan yon nouvo domèn tankou tradiktoji. Se yon limyè sou chemen devlopman kominote ayisyen an.

Pou rezon sa yo ak lòt ankò, nou rete kwè travay sa a pote yon gwo kontribisyon pou avansman domèn tradiksyon ak lengwistik la, espesyalman pou lang kreyòl ayisyen an.

Delimitasyon rechèch la

Travay rechèch sa a limite l nan plizyè nivo pou l rete klè epi presi nan objektif li. Travay la konsantre sou didaktik tradiksyon nan lang kreyòl ayisyen an. Sa vle di li etidye metòd, teknik ak teyori ki sèvi pou fòme tradiktè k ap tradui an kreyòl. Travay la chita sou fason tradiksyon ap anseye, defi ki lye ak sa, ansanm ak modèl evalyasyon tradiksyon k ap fèt an kreyòl ayisyen an.

Sou plan tanporèl, rechèch la konsantre an gwo sou tradiksyon kreyòl ayisyen depi ane 1901-1945 yo rive jis jounen jodi a. Nou chwazi pwen sa paske se nan peryòd sa a nou jwenn premye tradiksyon nan lang kreyòl ayisyen an (Confiant, 2022).

Sou plan jewografik, travay la limite l sou tèritwa Ayiti, kote lang kreyòl la gen fonksyon lang majoritè, epi kote mache tradiksyon kreyòl la prezan an. Nou pa etidye tradiksyon kreyòl nan dyaspora a, sèlman nan ka li ta sèvi kòm referans.

Rechèch la etidye tradiksyon soti nan lòt lang rive nan kreyòl ayisyen an, sitou lang franse, angle ak espayòl ki plis prezan nan kominote nou an.

Nou chita sou tradiksyon ekri sèlman. Tradiksyon oral oswa entèpretasyon, tradiksyon vizyèl oswa lòt fòm multimodal yo pa antre nan kad analiz la. Nou enterese sitou nan tèks didaktik, relijye, administratif oswa edikatif ki sèvi pou pataje konesans oswa enfòmasyon piblik menm lè nou p ap analize kòpis.

Pou nou fini, nan chapit sa a, nou kesyone kontèks egzistans ak devlopman tradiksyon an kreyòl ayisyen, sitou nan yon kad pedagogik, relijye ak sosyal. Nou poze pwoblèm ki lye ak fason tradiksyon te parèt kòm yon zouti kominikasyon avan yo te vin wè l kòm yon domèn rechèch oswa pratik pwofesyonèl. Tradiksyon an kreyòl te egziste nan yon sans fonksyonèl ki te vize pataje konesans ak rann mesaj pi aksesib pou popilasyon majoritè a ki pale kreyòl.

Pou nou kapab reponn kesyon rechèch yo avèk rigè syantifik, li enpòtan pou nou mete pratik tradiksyon kreyòl ayisyen an nan yon kad pi laj. Se sa ki pouse nou antre nan Chapit II a, kote nou ap revize prensipal travay syantifik, teyori ak apwòch ki egziste sou tradiksyon an jeneral, sou didaktik tradiksyon, epi sou tradiksyon an kreyòl ayisyen sitou. Revizyon literati sa a ap fasilite nou konprann kijan travay sa a chita sou travay ki fèt deja, sa l ajoute kòm nouvo eleman epi kijan li ka kontribye nan avansman domèn nan.